



Pou Piblikasyon Imedya: 17/02/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO AVIZE TOUT MOUN GEN YON NOUVO SERI FRÒD AK FRÒD PI SOFISTIKE PANDAN SEZON TAKS LA, E VIKTIM YO SE KONSEYE FISKAL AK PWOFEYONÈL RESOUS IMÈN

Omwen 37 Konpayi ak Anplwaye ki New York Viktim Vòl Idantite ki Nui plis pase 5,000 Nimewo Sekirite Sosyal

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te avèti konseye fiskal ak pwofesyonèl resous imèn nan New York gen yon seri nouvo fròd ki dèyè vòlè enfòmasyon konfidansyèl sou kliyan ak anplwaye. Depatman Kontribisyon Eta New York (New York State Tax Department) idantifye omwen 37 konpayi nan New York City, Rejyon Kapital la, Santral New York ak Lwès New York ki te viktim, sa ki nui dè milye de kontribyab.

“Pandan teknoloji kontinye ap fè pwogrè, vòlè ak chalatan sou entènèt la ap itilize metòd ki deplizanpli sofistike pou eseye vòlè enfòmasyon pèsonèl moun pou vòlè lajan moun New York k ap travay di,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Dwe gen zewo tolerans pou konplo sa yo e mwen ankouraje tout moun - sitou sa k ap travay nan domèn nan - pou yo rete vijilan e rapòte imedyatman bay leta ak otorite lokal yo nenpòt demann sispèk yo resevwa.”

Komisyone Pwovizwa Depatman Kontribisyon ak Finans Eta New York (New York State Department of Taxation and Finance), Nonie Manion, te di konsa, “Kounye a ke sezon taks la kòmanse, kriminel yo pa ka tann pou sèvi avèk enfòmasyon pèsonèl yo vòlè pou yo ranpli fo papye pou mande gouvènman an remèt yo lajan taks. Li trè enpòtan pou nenpòt moun ki gen aksè a enfòmasyon pèsonèl yon lòt moun okouran teknik malonèt ki alamòd, pou yo evite tounen viktim.”

Gouvènè Cuomo te avèti moun New York gen plizyè fròd ki fèt pandan sezon taks sa a, e men detwa egzanp:

Chalatan Rekòmanse Fròd ki Vize Pwofesyonèl Pewòl ak Resous Imèn

Sibèkriminèl fè kòmisi se administratè konpayi an k ap voye imèl bay pwofesyonèl pewòl ak resous imèn pou mande lis anplwaye ak enfòmasyon pèsonèl yo. Fwa sa a, chalatan yo vize lòt endistri tou, tankou paregzanp distri lekòl, òganizasyon tribi, ak

òganizasyon ki pa pou pwofi.

Imèl sa yo ka parèt lejitim paske yo gen non ofisye egzekitif an chèf konpayi an. Sepandan, si ou resevwa yon imèl konsa, pa mete ankenn enfòmasyon sou pewòl, tankou fòm W-2 ak nimewo Sekirite Sosyal, lè w ap reponn.

Depatman Kontribisyon okouran omwen 37 biznis ki gen anplwaye New York ki pran nan fròd sa a, e li panse li nui plis pase 5,000 nimewo Sekirite Sosyal. Depatman Kontribisyon an kontak ak biznis sa yo e l ap travay avèk yo pou pwoteje anplwaye yo.

Si ou se yon anplwayè ki te yon viktim fròd sa a, epi nan repons ou, ou te divulge enfòmasyon sou pewòl, tankou paregzanp enfòmasyon W-2 ak nimewo Sekirite Sosyal, gade [Konsèy pou Anplwayè ki Viktim Eskrokri W-2](#) pou enstriksyon.

Eskrokri ki Vize Konseye Fiskal

Konplo sa a fèt osen kominote konseye fiskal yo. Chalatan ki komèt eskrokri sa a prezante tèt yo kòm [Fastsupport.com](#) oswa [Onlyforsupport.com](#). Yo kontakte konseye yo apre yo dekouvri ki konpayi e-file oswa Retou Elektwonik (Electronic Return Originator, ERO), ke IRS otorize, konseye a itilize pou transmèt papyè taks yo.

Moun k ap rele a bay manti e di l ap travay pou ERO. Li di li bezwen reyenstale oswa ranje pwoblèm ak lojisyèl konseye a. Moun k ap rele a mande pou konseye a konekte sou yon sit entènèt e pou li bay modpas ak aksè a òdinatè li. Si konseye a fè sa, chalatan an ka vòlè enfòmasyon prive kliyan an pou fè fròd.

Yon ERO se yon founisè e-file ki jwenn otorizasyon nan men IRS pou soumèt fòm kontribisyon pou tretman.

Sibèkriminèl fè Kòm si se Kliyan yo ye e Mandè Konseye Fiskal bay yo Sèvis

Nan yon konplo èskrokri nan tout peyi a, chalatan yo vize konseye fiskal pou jwenn enfòmasyon moun k ap fè taks la, pou fè taks ki malonèt. Dabitid, chalatan sa yo voye konseye fiskal yo de (2) imèl: nan premye a, yon “kliyan” mande asistans pou fè taks li; nan dezyèm lan, chalatan an voye yon lyen oswa tache yon PDF ki gen yon lyen ki pèmèt li vòlè adrès imèl ak modpas konseye fiskal la.

Si ou resevwa yon imèl sispèk, tankou paregzanp youn ki soti nan men yon moun ou pa konnen, pa klike sou ankenn lyen ni pa louvri ankenn atachman ki nan imèl la. Sa ka pèmèt chalatan an monte sou òdinatè ou e lakòz ou vin gen yon lojisyèl malveyan. Sa kapab pèmèt sibèkriminèl pran enfòmasyon prive san ou pa menm konnen ou te viktim.

Èskrokri Imèl ki gen kòm sijè “Kourye an atant!” (“Mails on Hold!”) vize Konseye Fiskal

Gen kèk konseye fiskal ki resevwa Imèl ki sanble kòm si yo soti nan men IRS oswa ekip e-Sèvis IRS la. Imèl la gen kòm sijè “Kourye an atant!” Imèl sa yo ka mansyone anplwaye IRS oswa PTINs, men se pa IRS ki voye yo.

Si ou resevwa yon imèl ki gen sa kòm sijè, pa klike sou ankenn lyen ni pa louvri ankenn atachman ki nan Imèl sa a. N ap di sa ankò: Sa kapab pèmèt moun monte sou òdinatè ou, enstale yon lojisyèl malveyan e pran enfòmasyon prive ou.

Pwoteje tèt ou ak Kliyan ou

Konseye fiskal dwe pwoteje enfòmasyon pèsònèl kliyan yo; se moun de konfyans sèlman pou yo bay enfòmasyon sa yo, tankou paregzanp IRS ak Depatman Kontribisyon Eta New York. Sa a gen ladan detwi dokiman ki gen enfòmasyon prive anvan yo jete yo, e ranpli taks sou revni yon kliyan byen bonè pou redui kantite tan yon vòlè idantite genyen pou sèvi avèk enfòmasyon sou yon moun pou fè reklamasyon lajan malonèt.

Depatman Kontribisyon Eta New York ak IRS p ap janm ap fè menas nan telefòn e p ap janm mande enfòmasyon pèsònèl oswa finansye pa imèl.

Rapòte li

Si yon chalatan te kontakte ou e pran pòz se yon ajan IRS, ou dwe kontakte IRS. Aprann kòman pou rapòte ensidan an [isit la](#).

Si yon chalatan te kontakte ou e di li se anplwaye Depatman Kontribisyon Eta New York, vizite paj pou [Rapòte Fròd, Eskrokri, ak Vòl Idantite](#) pou aprann kijan pou rapòte li. Depatman Kontribisyon an ap revize konplent lan san pèdi tan e pran aksyon pou ranje sitiyasyon an lè sa apwopriye.

###